



**Nouvo Anons sou Imigrasyon  
pou Moun k ap resevwa  
Liberasyon Kondisyonèl  
(Parole) Kiben, Ayisyen,  
Nikaragwa, Venezyela (CHNV).**



**Nan dat 4 Oktòb, DHS te anonse ke sitwayen Kiba, Ayiti, Nikaragwa, ak Venezyela ki anba pwosesis Libète sou Kondisyon (Parole) CHNV yo pap ka renouvle Libète sou Kondisyon yo nan pwosesis CHNV la apre peryòd Libète sou Kondisyon yo ekspire.**

## **Ki sa ki Pwogram CHNV la?**




**Pwogram sa a pèmèt sitwayen Kiba, Ayiti, Nikaragwa, ak Venezyela ki andeyò Etazini e ki pa gen dokiman antre pou yo konsidere, sou yon baz dosye-pa-dosye, pou yon otorizasyon vwayaj ki bay alavans nan yon peryòd tanporè ki ka dire jiska de zan, pandan peryòd sa a yo ka viv ak travay nan Etazini.**



**Anons sa a afekte sèlman moun ki deja resevwa kalite Libète sou Kondisyon sa.** Nouvo aplikan yo ka toujou aplike pou pwogram nan.

# Ki jan sa afekte mwen?



**REMAK: Anpil moun ki anba pwogram CHNV la gen dwa kalifye pou lòt fòm sekou imanité tankou TPS ak azil, ansanm ak lòt pwogram.** Jiska jodi a, anons la pa gen okenn enpak sou pwogram ki egziste deja tankou TPS pou Ayiti ak Venezyela.



Si ou kwè ou kalifye pou yon lòt fòm sekou imanité imigrasyon, ou ta dwe **chèche konsèy legal nan men yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan DOJ ki akredite.**



**1-800-354-0365**

**Lendi - Vandredi 9AM-6PM**

Nouyòkè Imigran ki gen kesyon oswa enkyetid, tankou moun ki te antre atravè CHNV ka jwenn èd legal lè yo rele Liy Sipò Dirèk pou sèvis Legal Imigrasyon MOIA a.

MOIA rekonèt nouvèl sa a ka lakoz enkyetid nan kominote a. **Sèvis notè ak lòt move moun ka eseye eksplwate** imigran Nouyòkè ki enkyete, pou yo atire yo ak fo pwomès epi fè magouy nan zafè imigrasyon.



**Pou plis enfòmasyon sou kijan pou pwoteje tèt ou kont magouy nan zafè legal imigrasyon, tanpri vizite sit entènèt nou an: [www.nyc.gov/immigrationfraud](http://www.nyc.gov/immigrationfraud)**



## **PRAN PREKOSYON AK MAGOUY NAN ZAFÈ LEGAL IMIGRASYON AK MOUN KI FÈ FWOD**

### **Sonje:**

- Se sèlman yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan akredite pa DOJ ki otorize pou okipe aplikasyon imigrasyon ou yo.
- Yon notè piblik ki pa yon avoka ki gen lisans pa ka ranpli fòm sa yo, soumèt yo pou ou, oswa fè ou peye pou fè papyè imigrasyon ou yo.



**ILwa sou imigrasyon konplike.**

**Pran prekosyon ak magouy nan zafè legal imigrasyon oswa founisè fwodile ki ka di w lòt bagay epi bay fo pwomès, tankou:**

- Yon fason pou jwenn yon pèmi travay oswa yon viza **imedyatman**.
- Deklarasyon ki endike ke pa gen okenn **risk oswa konsekans**.
- Reklamasyon ki di yo gen **enfliyans espesyal** ak otorite imigrasyon yo.